



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Mwen pwofondman atriste akòz desè doktè Calvin O. Butts III, yon lidè fòmèdab ki te sèvi eta nou an, vil nou an ak nasyon nou an avèk gras, diyite ak pasyon. Doktè Butts te sèvi kòm pastè Legliz Batis Abisini istorik nan Harlem, kòm prezidan SUNY Old Westbury, fondatè Abyssinian Development Corp transfòmatif la, epi kòm lidè vizyonè ki te ede etabli lekòl piblik Thurgood Marshall Academy nan Manhattan.

Doktè Butts te yon fòs pou klète moral, yon vwa pou kominote Harlem li an, yon konseye pou anpil nan nou nan sèvis piblik la epi mwen te fyè dèske m te rele l yon zanmi. Bill ak mwen ap priye pou madanm li, Patricia Butts, pou pitit li, ak pitit pitit li yo ak pou tout Nouyòkè ki te santi enpak lidèchip vizyon Doktè Butts la. N ap sonje li anpil."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)